



Pou Piblikasyon Imedya: 12/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO PRAL LIMEN MONIMAN ETA YO POU SELEBRE DIWALI

15 moniman nan Eta a pral limen an wouj, jòn, wòz ak ble nan aswè dimanch 12 novanm

Gouvènè a pibliye pwoklamasyon pou onore festival limyè yo; Li pwoklamasyon an [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 15 moniman atravè Eta New York pral limen an wouj, jòn, wòz ak ble nan aswè dimanch 12 novanm nan okazyon selebrasyon Diwali a. Gouvènè Hochul te pibliye jodi a yon [pwoklamasyon](#) ki deklare 12 novanm kòm Diwali nan Eta New York.

"Diwali, ke yo rele tou *Festival Limyè yo*, se yon selebrasyon enpòtan kilti Endou ki senbolize viktwa espiyèl limyè sou tenèb yo, byen sou mal ak konesans sou inyorans", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nouyòkè yo rekonesan anvè kominote Endyen ak Sid Azyatik yo pou kontribisyon yo ak angajman yo nan pataje eritaj rich yo. N ap voye gwo swè lajwa, lapè ak pwosperite bay tout moun k ap selebre yo alavni".

Moniman Eta yo ki pral limen yo gen ladan:

- One World Trade Center
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pon "Franklin D. Roosevelt" nan Mid-Hudson
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station

- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a
- Moynihan Train Hall
- Pak Eta Istorik Walkway Over the Hudson

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)